

Jwenn Sipò pou Kesyon Edikasyon Espesyal ou yo

Entwodiksyon

Ekip IEP yo responsab pran desizyon enpòtan ki gen pou wè ak edukasyon elèv ki gen andikap. Nan pifò ka yo, ekip sa yo reyisi jwenn konsansis sou yon Pwogram Edukasyon Endividyalize (Individualized Education Program, IEP) ki pèmèt elèv la resevwa yon edukasyon piblik gratis apwopriye (free appropriate public education, FAPE).

Men, gen de lè ekip yo pa ka jwenn konsansis e vin gen litij. Depatman Edukasyon Oregon an (Oregon department of Education, ODE) ankouraje paran yo ak anseyan yo pou yo mete tèt ansanm pou rezoud pwoblèm ki gen pou wè ak pwogram edukasyon endividyalize yon elèv, men li konprann gen de lè li nesèsè pou bay sipò anplis. ODE [ofri plizyè opsyon pou ede paran ak distrik lekòl yo rezoud dezakò](#) ki gen pou wè ak edukasyon espesyal. ODE gen espesyalis li mete nan chak distrik lekòl tou ki disponib pou ede ou konprann dwa ou yo ak pwosesis sa yo si ou bezwen èd pou konn ki opsyon k ap bon pou ou.

Pou Jwenn Èd

1. Pale ak Pwofesè Pitit ou a

Menm si chak distrik lekòl nan Oregon gen pwòp kontèks san parèy pa li, jeneralman, paran yo ak manm fanmi yo dwe toudabò pale ak pwofesè timoun nan pou yo jwenn èd. Lepli souvan, se pwofesè timoun nan ki pi byen ekipe pou rezoud pwoblèm amezi yo souleve.

2. Travay avèk Jesyonè Ka a

Gen anpil elèv k ap resevwa sèvis edukasyon espesyal ki gen yon jesyonè ka tou lekòl yo a ba yo. Moun sa a se souvan pwofesè edukasyon espesyal timoun nan. Jesyonè ka yo responsab egzaminen pwosesis IEP a avèk ekip IEP yo pou elèv yo. Si titilè klas pitit ou a pa kapab rezoud pwoblèm ou yo, jesyonè ka edukasyon espesyal la gen dwa kapab ede ou.

3. Rezoud Pwoblèm nan avèk Administrasyon Lekòl la

Lekòl yo nòmalman gen administratè sou plas (paregzanp direktè, direktè adjwen) ki responsab bon fonksyonman kotidyen lekòl la. Nan ka kote pwofesè yo pa ka rezoud pwoblèm fanmi yo, direksyon lekòl la ka souvan ede.

4. Chèche sipò nan men Biwo Distrik la

Lè pèsònèl lekòl la pa kapab rezoud pwoblèm ou yo, nòmalman gen yon lòt nivo sipèvizyon nan men distrik la ki se biwo santral la. Ni biwo edukasyon espesyal la, ki gen dwa rele sèvis pou elèv oswa yon lòt non konsa, ni biwo direktè rejyonal ansèyman distrik lekòl lokal ou a ap souvan kapab ede ou rezoud pwoblèm ou yo lè pèsònèl lekòl la pa kapab fè li.

5. Travay avèk Sant pou Fòmasyon Paran ak Enfòmasyon Oregon an

Oregon ap jere yon Sant Fòmasyon pou Paran ak Enfòmasyon (Parent Training and Information,

PTI) nan [FACT Oregon](#). FACT Oregon ofri solidarite ant paran, fòmasyon ak resous pou ekipe ak kore fanmi yo, transfòme jan yo wè andikap, epi ede yo gen gwo atant ak gwo rèv pou pitit yo. Pèsonèl la nan FACT Oregon ofri sipò pou fanmi yo ka jwenn chimen yo nan zafè andikap ak edikasyon espesyal. PTI Oregon an ofri plizyè fason pou paran yo ak fanmi yo resevwa sipò, sa gen ladan apèl telefonik oswa tèks nan 503-786-6082 oswa nan 541-695-5416, imèl pou support@factoregon.org, [pwogramasyon apèl sou sit entènèt yo a](#).

6. Kontakte Biwo pou Amelyorasyon Chans pou Elèv yo nan Depatman Edikasyon Oregon an

Pa ezite nonplis pou w kontakte pèsonèl la nan Biwo pou Amelyorasyon Chans pou Elèv yo (Office of Enhancing Student Opportunities) pou resevwa sipò. Ou kapab jwenn nou pa imèl nan ode.specialeducationquestions@ode.oregon.gov oswa pa telefòn nan 503-947-5600. Pa bliye mete distrik lekòl pitit ou a pou nou ka mete ou an kontak ak bon manm pèsonèl la. Oubyen, ou ka [fè yon demann èd nan men ODE isit la](#).

Plis Enfòmasyon

W ap jwenn plis enfòmasyon sou dwa paran timoun ki gen andikap nan [Pwosedi Pwoteksyon yo](#).

W ap jwenn plis enfòmasyon tou sou opsyon pou rezoud litij sou [sit Rezolisyon Litij](#) ODE a.